

**LEGENDHA PASAREYAN PANGERAN PRINGGOLOYO ING DESA JEGULO KECAMATAN SOKO
KABUPATEN TUBAN
(Tintingan Folklor)**

KHUSNUL ATIKHOH

Jurusan Pendidikan Basa lan Sastra Dhaerah
Fakultas Basa lan Seni
Universitas Negeri Surabaya

Khusnulatikho08@gmail.com

ABSTRAK

Legendha Pasareyan Pangeran Pringgoloyo minangka sawijine wujud folklor lisan kang ana ing desa Jegulo, kecamatan Soko, Kabupaten Tuban. Legendha kasebut nduweni gegayutan marang lelakone Mbah Nanggul utawa Pangeran Pringgoloyo minangka putrane Pangeran Benowo sing ana keturunanane saka Jaka Tingkir kang isih raket karo kerajaan Pajang-Mataram. Underane panliten yaiku: (1) Kepriye mula bukane Legendha Pasareyan Pangeran Pringgoloyo, (2) Tradhisi lan kapitayan apa kang ngrembaka ing Pasareyan Pangeran Pringgoloyo; (3) Makna lan simbol apa wae kang kinandhut sajrone tradhisi ing Pasareyan Pangeran Pringgoloyo; (4) Nilai budaya apa kang kinandhut sajrone Legendha Pasareyan Pangeran Pringgoloyo; (5) Kepriye fungsi Legendha Pasareyan Pangeran Pringgoloyo tumrap bebrayan panyengkuyunge. Ancase panliten iki yaiku: (1) Njlentrehake mula bukane Legendha Pasareyan Pangeran Pringgoloyo; (2) Njlentrehake tradhisi lan kapitayan kang ngrembaka ing Legendha Pasareyan Pangeran Pringgoloyo; (3) Njlentrehake makna lan simbol apa wae kang kinandhut sajrone tradhisi ing Pasareyan Pangeran Pringgoloyo; (4) Njlentrehake nilai budaya apa wae kang kinandhut sajrone tradhisi ing Pasareyan Pangeran Pringgoloyo; (5) Njlentrehake fungsi Legendha Pasareyan Pangeran Pringgoloyo.

Paedah saka panliten iki, yaiku (1) kanggo pamaca, supaya asil panliten iki bisa menehi informasi ngenani sejarah, fungsi, nilai budaya, lan tanggapan masyarakat tumrap Legendha Pasareyan Pangeran Pringgoloyo ing desa Jegulo, kecamatan Soko, kabupaten Tuban; (2) kanggo panulis, supaya bisa nambah wawasan lan kawruh ngenani folklor lisan kang ana ing dhaerahe dhewe-dhewe, sarta bisa ningkatake kemampuan apresiasi crita rakyat kang awujud legendha; (3) kanggo panliti liyane, supaya bisa dadi refrensi sajrone panlitene sarta dadi semangat lan motivasi sajrone nglakoni panliten folklor lisan khusus legendha ing dhaerah-dhaerah tartamtu; (4) kanggo Pamarenteh Kabupaten Tuban, mligine ing bidhang kabudayaan supaya didadekake bahan dhokumentasi lan bisa ngrembakake folklor lisan; (5) kanggo bebrayan desa Jegulo, supaya bisa dadi sumber informasi Legendha Pasareyan Pangeran Pringgoloyo ing desa Jegulo, kecamatan Soko, kabupaten Tuban sarta minangka dhokumentasi kanggo piwulang tumrap bocah-bocah.

Kanggo ngonceki masalah kang dadi punjere panliten, digunakake teori lan konsep kang cundhuk karo masalah kang arep dionceki. Konsep utawa teori kasebut ing antarane, konsep legendha nggunakake panemune Danandjaja (2002). Kanggo njlentrehake simbol nggunakake panemune Sudikan (2001). Babagan fungsi ditintingi nggunakake panemune Bascom kang dikutip sajrone Danandjaja (2002). Kanggo ngonceki Nilai budaya, nggunakake panemune saka Djamaris lan babagan folklor nggunakake panemune Danandjaja (2002). Metodhe kang digunakake ing panliten iki yaiku deskriptif kualitatif. Metodhe iki ngasilake data arupa tetembungan tinulis utawa lisan saka pawongan lan polah tingkah kang bisa dideleng. Pangumpulane dhata panliten ditindakake kanthi cara wawancara lan dhokumentasi. Analisis dhata ditindakake kanthi cara menehi interpretasi ing saben wujud dhata.

Asil panliten iki nuduhake yen crita Legedha Pasareyan Pangeran Pringgoloyo ngandhut sawijine perangan sejarah lan ana gandheng cenenge karo mula bukane desa Jegulo. Saliyane iku tuwuh mitos lan tradhisi kang ngrembaka ing Pasareyan Pangeran Pringgoloyo. Ing antarane mitos kasebut yaiku Paedahe banyu sumur teleng, ziarah Senin Paing malem Selasa Pon, Sirikan nggango sragam dines, lan pesugihan. Saliyane iku uga ana tradhisi yaiku manganan lan nadzar. Babagan makna lan simbol kang kinandhut ing pasareyan Pangeran Pringgoloyo ing antarane yaiku tradhisi sarta urabampe. Tradhisi kapisan yaiku manganan utawa nyadran sarta ubarampene. Tradhisi kapindho yaiku slametan utawa kenduren lan kang pungkasan yaiku adicara tahlilan.

Nilai budaya kang kinandhut yaiku nilai budaya kang nggayutake manungsa marang Gustine, Nilai budaya kang nggayutake manungsa marang alam, nilai budaya kang nggayutake manungsa marang bebrayan, nilai budaya kang nggayutake manungsa marang manungsa liyane, nilai budaya kang nggayutake manungsa karo awake dhewe. Pigunane Pasareyan Pangeran Pringgoloyo antarane minangka sistem proyeksi, minangka

pangesahe budaya, minangka sarana pendhidhikan lan minangka piranti kanggo meksa lan ngawasi paugeran ing bebrayan. Banjur tuwuh piguna liyane yaiku minangka sarana kanggo nentremake ati, minangka piranti kanggo hiburan, lan minangka sarana kanggo ngalab berkah.

Tembung wigati: Legendha, Pasareyan, Pangeran Pringgoloyo

PURWAKA

LELANDHESAN PANLITEN

Indonesia minangka negara kang wilayahe kapisah-pisah utawa luwih misuwur negara kepulauan. Saka papan panggonan kang kapisah-pisah mau masyarakate nduweni kabudayan kang beda-beda. Ditilik saka segi kabudayan, antarane manungsa lan kabudayan kuwi raket banget sesambungane. Kabudayan iku sejatine ora bisa uwal saka uripe manungsa. Kabudayan karipta dening manungsa kang nduweni akal lan budi. Kabeh tumandange manungsa lan gegayutane karo masyarakat dumadi saka kabudayan. Kabudayan kuwi ngemu teges yaiku minangka sakabehe pikiran lan asil saka cipta, rasa, lan karsane manungsa kang becik kanthi sarana niat ngupaya pamikiran manungsa kanggo luwih pinter, (Koentjaraningrat, 1987:15).

Budaya yaiku samubarang kang urip, ngrembaka, lan lumaku tumuju titik tartamtu. Panliten kabudayan kang bakal diteliti kalebu folklor lisan. Folklor lisan dhewe iku nduweni teges kasusastran sing mbabar ngenani ekspresi saka manungsa ing bebrayan lan disebarake marang anak putune kanthi cara lisan utawa saka crita lan nduweni gegayutan babagan folklore, (Sudikan, 2001:2). Alam pamikirane wong Jawa ora bisa dipisahake marang mitos ing panguripane. Kabudayan kang dinduweni bebrayan, lan dadi titike kang isih ngrembaka yaiku crita prosa rakyat kang awujud legendha. Legendha yaiku crita kang asale saka bebrayan, banjur dianggep kadadeyan kang nduweni sejarah, (Hutomo, 1991:22).

Folklor lisan kang ngrembaka ing tuban iku akeh banget salah sawijine yaiku LPPP, (sabanjure dicekak dadi LPPP). Legendha kuwi wis kalebu perangan kang ora bisa dipisahake karo masyarakat panyengkuyunge, kabukti kanthi anane saperangan kapitayan kang isih kajaga nganti saiki. Anane crita rakyat nduweni pangaribawa kang gedhe tumrap bebrayan Desa Jegulo. LPPP nduweni gegayutan karo mula bukane Desa Jegulo. Mula, crita legendha kuwi nduweni kaluwihan tinimbang wujud legendha kuwi uga nduweni kaluwihan tinimbang wujud legendha. Bisa kabukti anane wong liya desa utawa wong liya kutha kang mrana ing Pasareyan Pangeran Pringgoloyo utawa Mbah Nanggul kanggo ndedonga marang Gusti lumantar Mbah Nanggul. Mbah Nanggul yaiku minangka punden desa kang dianggep nduweni karomah, yaiku karomahe arupa sumur teleng kang banyune bisa dipercaya kanggo tamba penyakit sing katon utawa sing ora katon. Banyu saka sumur teleng kuwi uga bisa kanggo kaperluwan liyane kayata, urusan ngalap berkah, nggolek pangkat, kanggo urusan mergawe, lsp. Bukti kang diandharake ing ndhuwur kuwi bisa dideleng saka katrangan kang diwenehake karo informan kang ngandharake “Kathah

tiyang-tiyang ingkang nyuwun pitulungan. Mulane Mbah Pringgoloyo menika dijuluki Mbah Nanggul amarga bisa nanggulangi sakabehe bencana utawa masalah. Ten ngriki ugi saged damel pengobatan kanthi mendhet toyanipun, mboten namung pengobatan mawon saged damel kelancaran bisnis, kelancaran merdamel, saged ugi nyuwun pangkat. Pokoke kathah tiyang ingkang sowan ten ngriki niku mesthi gadhah kekarepan”. Mula saka andharan kaya mangkono kang dadi pawadane panliten kanggo nliiti luwih rowa maneh.

Crita Pangeran Pringgoloyo iki durung dibukukake, mula babagan iki kang ndadekake minat panulis kanggo nliiti crita kasebut. Crita LPPP iku bisa diarani folklor lisan. Panliten bab LPPP minangka wujud patuladhan kanggo nguri-uri kabudayan Jawa. Adhedhasar saka iku, mula panliten kaya mangkene kudu tansah digiyarake maneh amrih legendha dhaerah bisa diandharake dening bebrayan panyengkuyunge. Saliyane iku bisa dadi sarana amrih wujud kabudayan Jawa ora muspra kagerus crita manca kang tansah digandrungi generasi mudha.

Sasuwene iki panliti durung ngerti anane panliten ngenani LPPP kang mapan ing desa Jegulo Kecamatan Soko. Jaman saiki nom-noman padha ora ngerti mula bukane desane dhewe-dhewe saengga yen ana pitakonan kang gegayutan karo desane ora bisa mangsuli. Kajaba mau iku rata-rata LPPP ing Desa Jegulo nduweni crita kang narik kawigaten panliti amarga crita-crita ing desa kene isih gegayutan karo kerajaan Pajang lan ana gayutane karo para Wali. Kahanan kang kaya mangkene ndadekake panliti nganakake panliten ngenani LPPP ing Desa Jegulo Kecamatan Soko Kabupaten Tuban.

Pamawas ing ndhuwur nuwuhake pepinginane panliti kanggo ngudal lan mbabar LPPP amrih ora ilang lan tetep ngrembaka. Panliten iki bakal ngrembug mula bukane sejarah kang gegayutan karo tradhisi lan kapitayan, makna lan simbol, nilai budaya, sarta fungsi legendha kanthi tintingan folklor. Panliten kaya mangkene bisa gawe semangat generasi mudha mudhi liyane tumrap sejarah kabudayane. Kabeh mau bakal diwujudake sajrone laporan panliten kanthi irah-irahan *LPPP ing Desa Jegulo Kecamatan Soko Kabupaten Tuban (Tintingan Folklor)*.

UNDERANE PANLITEN

Adhedhasar lelandhesan panliten kasebut bisa kadudut perkara kang arep dionceki ing panliten iki yaiku:

- 1) Kepriye mula bukane LPPP ing Desa Jegulo, Kecamatan Soko, Kabupaten Tuban?

- 2) Tradhisi lan kapitayan apa kang ngrembaka ing Pasareyan Pangeran Pringgoloyo ing Desa Jegulo, Kecamatan Soko, Kabupaten Tuban?
- 3) Makna, simbol lan fungsi apa wae kang kinandhut sajrone tradhisi ing LPPP Desa Jegulo, Kecamatan Soko, Kabupaten Tuban?
- 4) Nilai budaya apa wae kang kinandhut ing LPPP Desa Jegulo, Kecamatan Soko, Kabupaten Tuban?
- 5) Apa fungsine LPPP ing Desa Jegulo, Kecamatan Soko, Kabupaten Tuban?

ANCASE PANLITEN

Panliten LPPP ing Desa Jegulo, Kecamatan Soko, Kabupaten Tuban iki nduweni ancas. Ancas sajrone panliten iki ing antarane:

- 1) Njlentrehake mula bukane LPPP ing Desa Jegulo, Kecamatan Soko, Kabupaten Tuban;
- 2) Njlentrehake tradhisi lan kapitayan apa kang ngrembaka ing Pasareyan Pangeran Pringgoloyo ing Desa Jegulo, Kecamatan Soko, Kabupaten Tuban
- 3) Njlentrehake Makna, simbol lan fungsi apa wae kang kinandhut sajrone tradhisi ing LPPP Desa Jegulo, Kecamatan Soko, Kabupaten Tuban
- 4) Njlentrehake nilai budaya apa wae kang kinandhut ing LPPP ing Desa Jegulo, Kecamatan Soko, Kabupaten Tuban
- 5) Njlentrehake fungsine LPPP ing Desa Jegulo, Kecamatan Soko, Kabupaten Tuban.

PAEDAHE PANLITEN

Paedah panliten iki:

- 1) Pamaca, supaya asil panliten iki bisa menehi informasi ngenani sejarah, fungsi, nilai budaya, lan tanggapan masyarakat tumrap LPPP ing, Desa Jegulo, Kecamatan Soko, Kabupaten Tuban;
- 2) Panulis, supaya bisa nambah wawasan lan kawruh ngenani folklor lisan kang ana ing dhaerah dhewe-dhewe, sarta bisa ningkatake kemampuan apresiasi crita rakyat kang awujud legendha;
- 3) Panliti liyane, supaya bisa dadi refrensi sajrone panlitene sarta dadi semangat lan motivasi sajrone nglakoni panliten folklor lisan khusus legendha ing dhaerah-dhaerah tartamtu;
- 4) Pamarenteh Kabupaten Tuban, mligine ing bidhang kabudayaan supaya didadekake bahan dhokumentasi lan bisa ngrembakake folklor lisan;
- 5) Bebrayan Desa Jegulo, supaya bisa dadi sumber informasi LPPP ing desa Jegulo, kecamatan Soko, kabupaten Tuban sarta minangka dhokumentasi kanggo piwulang tumrap bocah-bocah.

WEWATESANE PANLITEN

Wewatesane panliten digunakake supaya panliten kanthi irah-irahan LPPP ora mlenceng saka konsep kang wis ditemtokake. Wewatesan iku mung ngrembug mula bukane legedha kang ana sesambungane karo tradhisi lan kapitayan, makna lan simbol, nilai budaya, sarta fungsi legendha kasebut. Kabeh iku diandharake adhedhasar tintingan lan teori kang wis tumata.

- 1) **Legendha**, yaiku crita prosa rakyat kang dianggep mbahe crita minangka kadadeyan kang wis kelakon, kadadeyane ora pati suwi lan uga kadadeyan ing ndonya iki, Danandjaja (2002: 66).
- 2) **Pasareyan pangeran Pringgoloyo**, yaiku sawijine pasareyan tokoh agama kang manggon ing desa Jegulo lan dipercaya minangka penjagane desa Jegulo. Ana sambung rapete karo desa Jegulo.
- 3) **Folklor**, kalebu perangan saka kabudayan asipat tradisional kang ora resmi. Folklor isine kawruh, nilai-nilai, sikap-sikap, rasa rumangsa, lan kepercayaan sajrone wujud tradhisional kang digethoktularake lewat lisan utawa asat istiadat, folklor nyakup tarian rakyat lan arsitektur miturut Danandjaja (2002: 2).

TINTINGAN KAPUSTAKAN

Kabudayan

Kabudayan yaiku saperangkat aturan utawa norma kang diduweni bebarengan lan yen dilaksanakake dening masyarakat panyengkuyunge bisa tuwuh tata laku anggotane dianggep layak lan bisa ditrima. Kabudayan ditegesi minangka pawujudan panguripan saben manungsa lan saben kelompok kang ngupaya ngolah lan ngowahi alam saengga bisa mbedakake manungsa lan kewan.

Koentjaraningrat (1987:5-7) ngandharake yen kabudayan iku ana telung wujud. Katelu wujud kabudayan kasebut ing antarane yaiku: 1) wujud kabudayan minangka saka ide-ide, pamikiran, nilai-nilai, norma-norma, aturan lan liya-liyane, 2) wujud kabudayan minangka nglumpuke saka aktivitas lan uga tumindak saka manungsa ing bebrayan, 3) wujud kabudayan minangka wujud asil karyane manungsa.

Folklor

Folklor kalebu perangan saka kabudayan asipat tradhisional kang ora resmi. Folklor isine kawruh, nilai-nilai, sikap-sikap, rasa rumangsa, lan kapercayan sajrone wujud tradhisional kang digethok-tularake lumantar lisan utawa adat istiadat, folklore nyakup tarian rakyat lan arsitektur. Objek panliten folklor maneka warna kabudayan, pangupa jiwa, basa, agama, lan kapercayaan, minangka lapisan bebrayan manut tingkatan pendhidhikan lan dhaerah Danandjaja (2002:2).

Folklor ana 7 unsur yaiku, (1) sistem religi lan upacara keagamaan, (2) sistem lan organisasi kemasyarakatan, (3) sistem kawruh; (4) basa; (5) kesenian; (6) sistem pangupajiwa; (7) sistem teknologi lan piranthi, mula saka kuwi Danandjaja (2002:21) wujud folklor dibedakake dadi telu yaiku: 1) folklor lisan, 2) folklor separo lisan, 3) folklor dudu lisan. Folklor lisan yaiku folklor kang diciptakake, disebarake lan diwarisake ing wujud lisan, 3) folklor dudu lisan. Folklore lisan yaiku folklor kang diciptakake, disebarake lan diwarisake ing wujud lisan antarane: 1) paribasan, 2) crita prosa rakyat (legendha, mite, dongeng), 3) gurindam.

Legendha

Legendha yaiku crita prosa rakyat kang dianggep mbahe crita minangka kedadeyan kang wis kelakon, kadadeyane ora pati suwi lan uga kadadeyan ing ndonya iki. Legendha manut Danandjaja (2002:3-4) minangka sawijine jinise prosa rakyat kang nduwe titikan: 1) panyebarane dan pewarisane biasane dilakoni kanthi cara lisan; 2) folklor sifate tradhisional; 3) folklor nduweni variasi kang beda; 4) anonym (pangriptane ora ngerti); 5) materi critane nduwe hak kolektif; 6) nduwe piguna tartamtu sajrone bebrayan kang buta aksara; 7) sipate polos utawa lugu; 8) sipate pralogis; lan 9) wujud nduweni rumus utawa pola.

Tradhisi

Tradhisi yaiku mujudake apa kang sipate turun temurun kaya adat, tatacara, kesenian lan sapanungale. Poerwadarminta (1976:108) ngandharake tradhisi yaiku sakabehe bab kayadene adat pakulinan kang ditindakake wiwit jaman mbiyen nganti saiki. Pakulinan kang turun temurun ing masyarakat, kabudayan minangka kesadharan kolektif ing masyarakat, uga nduweni sipat jembar banget ngenani kompleks panguripan. Tradhisi minangka piranti kanggo nglayani manungsa uga bisa mbiyantu nglancarake pangrembakane masyarakat.

Makna lan Simbol

Sajrone uripe manungsa saben dina mesthi ngerti apa kuwi simbol, tandha lan lambing. Tuner (sajrone Dharmojo, 2005:28) ngandharake yen istilah tandha lan simbol kerep digunakake sajrone teges kang padha nanging panggonane bisa beda. Simbol, tandha lan lambing nduweni pangerten kang padha yaiku barang utawa babagan apa wae kang nduweni piguna kanggo makili barang utawa samubarang liyane. Saka katelu istilah kasebut kang kerep dienggo yaiku simbol. Tembung simbol asale saka basa manca simbolem kang tegese tandha kanggo negesi samubarang bab. Simbol kuwi dumadi saka samubarang bab liyane.

Nilai Budaya

Nilai budaya yaiku konsep abstrak kang dadi pondasi lan nduweni nilai ing urip bebrayan. Koentjaraningrat (1987:25) ngandharake yen nilai budaya iku minangka konsep kang urip ing pamikire manungsa ngenani samubarang kang dianggep nduweni nilai ing sajrone urip bebrayan. Mula saka iku sistem nilai budaya nduweni piguna kanggo pedoman urip lan paling ndhuwur.

Fungsi

Miturut Bascom (sajrone Danandjaja, 2002:19) pigunane folklor ana papat, yaiku: 1) minangka sistem proyeksi, yaiku kaca pangilone angen-angen saka kolektif, 2) minangka sarana pengesahe budaya, 3) minangka sarana pendhidhikan, 4) minangka piranti kanggo meksa lan ngawasi paugerane bebrayan, supaya tansah diugemi lan ditindakake dening bebrayan utawa

kolektif. Miturut Dundes (sajrone Sudikan 2001:100), ngandharake yen pigunane folklore iku ana lima, yaiku: 1) kanggo nambah rasa rukun antarane bebrayan, 2) menehi piranti kang bisa dibenerake dening bebrayan, 3) supaya ora dadi padudon ing bebrayan, 4) dadi piranti kang bisa ngayomi bebrayan saka tumindak kang ora adil, lan 5) minangka piranti sing nyenengake saka Donya kang nyata saengga bisa ngowah-owahi pakaryan sing ora pati kepenak dadi pakaryan kang nyenengake.

Landhesan Analisis

Sajrone perangan ing ngisor iki bakal diandharake landhesan analisis saka sawenehe para ahli kang digunakake kanggo nitingi bab sajrone objek panliten. Lelandhesan kuwi mau, digunakake supaya andharan babagan panliten tansah lumaku adhedhasar konsep kang wis ditemokake.

Konsep legendha kang digunakake kanggo nitingi panliten iki yaiku miturut Danandjaja (2002). Teori folklor kang digunakake kanggo nitingi panliten iki yaiku konsepe Danandjaja (2002). Tintingan simbol panliten iki nggunakake konsepe Sudikan (2001).

Panliten iki nggunakake nilai budaya kang diandharake karo konsepe Djamaris (1993) kang nggolongake nilai budaya dai limang kategori yaiku, (1) nilai budaya kang ngubungake manungsa marang Gustine, (2) nilai budaya kang ana gegayutane marang donya, (3) nilai budaya kang gegayutan manungsa marang manungsa, (4) nilai budaya gegayutan manungsa marang bebrayan, (5) nilai budaya gegayutan marang awake dhewe ana gegayutane marang individune.

Babagan fungsi legendha Pasareyan Pangeran Pringgoloyo ditintingi nggunakake konsepe Bascom, (ing sajrone Danandjaja, 2002) kang njlentrehake yen pigunane folklor iku ana papat, yaiku: 1) minangka sistem proyeksi, yaiku kaca pangilon angen-angen saka kolektif, 2) minangka sarana pangesahe budaya, 3) minangka sarana pendhidhikan, lan 4) minangka piranti kanggo meksa lan ngawasi paugerane bebrayan, supaya tansah diugemi lan ditindakake dening kolektif.

METODHE PANLITEN

Panliten ngenani LPPP ing Desa Jegulo, Kecamatan Soko, Kabupaten Tuban nggunakake metode panliten kualitatif deskriptif. Metode kualitatif nduweni sipat deskriptif kang tegese nyathet kanthi tliti apa wae kang dumadi, kang disawang, lan kang dirungu sarta diwaca lan panliti kudu bisa nandhingake, nyampur lan ndudut panlitene, (Sudikan, 2001:85).

Sumber Dhata

sajrone panaliten ngenani LPPP iki ana loro, yaiku sumber dhata *primer* lan *sekunder*. Saka anane kaloro sumber dhata kasebut banjur bisa dadi dhata.

Dhata Panliten

Dhata utawa bahan utama ngenani LPPP kang bakal diandharake bisa diperang maneh dadi loro yaiku dhata lisan lan dhata nonlisan. Dhata-dhata kasebut bakal

diasilake kanthi cara ngamati, wawancara, lan dhokumentasi.

INSTRUMEN PANLITEN

Panliti

Panliti yaiku pawongan kang nganakake panliten iki. Panliti minangka dhalang sajrone panliten kang ditindakake pengamatan langsung amarga saliyan bisa ngerteni solah bawa kang ditindakake subjek uga bisa interaksi langsung marang subjek kang bakal ditliti, (Moleong, 2011:164).

Dhaftar Pitakonan

Sadurunge panliti nindakake wawancara marang informan dhaftar pitakonan luwih dhisik kudu digawe. Gunane dhaftar pitakonan yaiku kanggo antuk dhata utawa informasi saakeh-akehe saka informan.

Alat Bantu

Alat bantu kang dibutuhake sajrone panliten ngenani LPPP iki yaiku:

- 1) Kamera Digital.
- 2) *Handphone*
- 3) Angket utawa kuesioner kang arupa pitakonan tinulis.
- 4) Buku lan pulpen kanggo nyathet babagan kang wigati nalika nganakake panliten ing lapangan.

TATA CARA NGLUMPUKAKE DHATA

Observasi

Ngamati utawa observasi kalebu bab kang kudu ana sajrone panliten mligine panliten lapangan. Observasi ditindhakake kanthi upaya nintingi prakara, lan digayutake kasunyatan ing lapangan. Miturut Sugiyono (2008:145) tatacara observasi yaiku tatacara kanggo nlinti babagan solah bawane manungsa, tumandange manungsa, lan kadadayan ing donya. Tatacara observasi iki ana patang tahapan, yaiku: (1) nggolek palilah, (2) nyiapake instrument, (3) nemtokake panggonan sing diobservasi, lan (4) nganakake observasi. Tatacara observasi diwiwiti kanthi cara nekani kantor balai desa supaya oleh ijin nganakake panliten ing panggon kang didadekake objek panliten. Banjur panliten diterusake kanthi nggolek informan gegayutan karo objek kasebut.

Wawancara

Wawancara dilakokake kanggo ngolehake dhata kanthi cara lisan ngenani objek panliten kang arep ditliti. Wawancara arupa pitakonan kang wis disusun sadurunge kanggo ngepenakne ngolehake informasi. Sajrone manfaate tatacara iki ana bab kang kudu digatekake panliti, ing antarane: (a) wektu kanggo wawancara, diusahake wayah informan istirahat (sore); (b) aja kesuwen anggone mawancarai; (c) aja nakokake babab kang sipate *sensitive*; lan (d) aja nggurui informan; (e) aja mbantah jawaban informan, lan (f) aja nyela omongane informan, (Sudikan, 2001:248-249).

Dhokumentasi

Dhokumentasi kanggo nggoleki dhata-dhata Dhokumentasi sajrone panliten iki dilakokake kanggo

ngolehake gambaran umum ngenai lokasi, utawa dhata-dhata kang wis dikumpulake saka instansi kang relevan kaliyan tema panliten iki yaiku dhusun Dringu. Dhata awujud foto kang gegayutan kaliyan fokus panliten lan ditampilake minangka dhata pelengkap gambaran objek.

Teknik Transkrip Dhata

Teknik transkripsi kang digawe ing panliten iki nggawe prinsip kang digawe dening Hutomo yaiku prinsip mindhah kanthi setya. Prinsip iki yaiku tembung-tembung kang dituturake kaliyan informan kabeh dipindah dadi tulisan. Apik iku ujaran kang salah, maknane kang ora nggenah sajrone ngomong, utawa dhialek Hutomo (sajrone Sudikan, 2001:18).

KEABSAHAN DHATA

Kanggo ngasilake kabeneran lan mriksa keabsahan dhata asil panliten, dilakoni kanthi telung ambalan, yaiku (a) nindakake *triangulasi*, (b) nindakake *peer debriefing*, lan (c) nindakake *member check* lan *audit trial* (Sudikan, 2001:169).

TATACARA PANJLENTREHANE DHATA

Prosedur penjentrehane dhata sajrone panliten kaya ing ngisor iki:

- (1) *Transkripsi*, ngubah dhata lisan neng tulis;
- (2) *Terjemahan*, yaiku teks folklor lisan kang sampun ditafsirake, banjur diterjemahake ing basa Indonesia.
- (3) *Klasifikasi dhata*, yaiku dhata kang wis ana diklasifikasikake utawa digolong-golongake.
- (4) *Panjentrehane dhata*, yaiku njlentrehake dhata ngenani legendha kasebut kaliyan teori kang wis ditemokake yaiku nggunakake teori struktur, fungsi, nilai budaya, lan tanggapan msyarakat ngenani legendha kanthi cara nafsirake (*interpretasi*). Sajrone analisis dhata panliti njlentrehake utawa nafsirake cuplikan-cuplikan kang nuduhake fungsi, nilai lan makna lan simbol ngenani LPPP.

ANDHARAN ASILE PANLITEN

Kahanane Desa Jegulo

Sadurunge ngrembug babagan LPPP, kang bakal dijentrehake luwih dhisik yaiku ngenani asal usul desa lan kahanan alam desa Nglambangan. Sajrone panliten kabudayan anane gegambarane kang ana ing desa Nglambangan iki bakal disambungane karo anane TSA.

Kahanan Alam Desa Jegulo

Desa Jegulo mapan ana ing sisih kulon saka kecamatan Soko. Jarak antarane desa Jegulo karo kecamatan Soko watara 2 Km, dene jarak karo kabupaten watara 21 Km. Desa Jegulo mapan ing antarane 7°4'35.04" Bujur Timur lan 111°56'30.85" Lintang Selatan. Wujud wewengkon datar nganti ngoMbak 100%. Desa Jegulo iki wewatesane karo desa Prambontergayang lan desa Klumpit sisih kulon, desa Nguruan sisih lor, desa Bangunrejo sisih kidul, lan desa Sumur Cinde sisih wetan. Desa Jegulo kaperang saka 42 RT lan 6 RW.

Struktur Pamarintahan Desa Jegulo

Struktur pamarintahan desa minangka punjere pamarintahan kang ngatur sawenehe bab kang ana ing desa Jegulo saengga dadi punjere masyarakat. Struktur pamarintahan desa kasebut kasusun adhedhasar jejibahan minangka utusane pamarintah sadhuwure. Saben organisasi nduweni tugas dhewe-dhewe kanggo nglayani masyarakat ing desa Jegulo. Rukun tetangga (RT) minangka peranan saka satuwan wilayah kang paling endhek sajrone pamarintahan desa Jegulo.

Pendhudhuk Desa Jegulo

Miturut kependhudhukan, cacahé pendhudhuk ing desa Jegulo yaiku 5.892 jiwa. Saka cacahé pendhudhuk kasebut bisa diperang dadi rong kelompok yaiku lanang lan wadon. Wong lanang ing desa Jegulo iki cacahé 2.959 jiwa lan wong wadon cacahé 2.933 jiwa. Pendhudhuk desa Jegulo kaperang dadi 1.722 KK (Kepala Keluarga).

Pendhidhikan

Sajrone bidhang pendhidhikan, desa Jegulo wis nduweni fasilitas pendhidhikan ing antarane SD/MI lan SMP. SD/MI ing desa Jegulo ana akeh sekolahan, ing antarane yaiku SD Negeri 1 Jegulo, SD Negeri 2 Jegulo, SD Negeri 3 Jegulo, MI Al-Hidayah, RA Al-Hidayah, PG Al-Hidayah lan SMPne ana siji yaiku SMP Ar-Roudloh sarta ana SMP Negeri 2 Soko sing manggon ana ing Jegulo.

Pangupajiwa Warga ing Desa Jegulo

Umume masyarakat desa Jegulo nduweni penggawean paling akeh yaiku minangka buruh tani. Saliyane iku uga ana kang dadi guru swasta, PNS, ibu rumah tangga, buruh harian, buruh jasa perdagangan asil bumi, buruh usaha jasa transportasi lan perhubungan lan liya-liyane.

Agama

Masyarakat utawa pendhudhuk ing desa Jegulo saperangan gedhe ngugemi agama Islam, nanging uga ana pendhudhuk kang ngugemi agama Kristen. Mung cacahé wong kang ngugemi agama Kristen saperangan wong kira-kira mung sapersen saka total cacahé pendhudhuk.

Gegayutane Kahanan lan LPPP

Kahanan desa Jegulo nduweni pangaribawa kang gedhe tumrap kapitayan masyarakat kang wis turun temurun. Kapitayan iku bisa ndadekake masyarakat njaga kahanan alam sakupenge. Tumindak masyarakat sabendinane bisa uga kapribawan marang crita LPPP. Njaga kahanan alam minangka sawijine wujud ngreMbakakake legendha kasebut, amarga papan iku dadi sawijine cikal bakal anane crita legendha

Mula Bukane Legendha Pangeran Pringgoloyo

Miturut para sumber saka desa Jegulo kecamatan Soko yen jaman biyen sadurunge negara kita mardika. Ing pangon pegunungan kulone desa iki ana pasareyan salah sawijine khalifah Allah sing jenenge

Abdurahman utawa Mbah Nanggul utawa Mbah Cungkup lan uga ana sumur tilarane Mbah Abdurahman.

Abdurahman yen miturut silsilahé dheweke yaiku putune Jaka Tingkir saka kerajaan Pajang. Mula dheweke isih kagolong bangsawan sing gedhe. Julukane nalika isih neng kerajaan yaiku Pangeran Pringgoloyo. Dheweke nduweni dulur sing jenenge Abdurrokim utawa Pangeran Pringgondani kang pasareyane ana ing desa Mentoro kecamatan Soko luwih kerep dijuluki Karang Kali. Kalorone iki ing jaman semono penghuni kerajaan, nganti ana tumekane perang saengga kalorone mungkur saka kerajaan lan kalorone milih ngumbara ing tanah Jawa bageyan wetan, ing satengahe dalan kalorone milih kanggo pisah, nganti Abdurahman teka ing desa Jegulo.

Kalorone iki ing jaman semono penghuni kerajaan, nganti ana tumekane perang saengga kalorone mungkur saka kerajaan lan kalorone milih ngumbara ing tanah Jawa bageyan wetan, ing satengahe dalan kalorone milih kanggo pisah, nganti Abdurahman teka ing desa Jegulo.

Nalika dheweke melbu ing papan iki mayoritas pendhudhuke durung muslim, amarga ngawasi kahanan sing kaya mangkana, dheweke milih kanggo manggon ing desa kana lan nggawe padhepokan ing kene uga ngenalake islam marang pendhudhuk sakupenge, piwulang islam ditampa kanthi apik lan panguripan warga tentrem, asil bumi kasil, gemah ripah loh jinawi.

Sawise suwi mapan ing kana banjur dheweke mbangun bale wisma karo wong wadon warga sakupenge, lan urip bebrayan kanthi tentrem nganti tumekane pati. Garwane uga dudu wong wadon sing sembarangan amarga saking pinter lan sekti, tapeh utawa slendhang sing digawe nduweni kaluwihan bisa nggawara kang lagi metu saka pawon sing isih panas lan bisa nggawara bvanyu nganti banyu kasebut ora ceblok lan ora teles.

Sawise urip bebrayan kanthi tentrem ora ana huru-hara, mesthi kacukupan lan makmur, ora ana sing ngira sawijine dina ana musibah kang nimpa warga. Wiwit saka bencana alam, ketiga, gagal panen lan diserang macem-macem penyakit. Pungkasane akeh warga sing mati amarga kurang mangan, uga penyakit sing nyerang, nanging amarga dheweke nduweni sipat sing sabar, neriman lsp, dheweke tetep bisa nrima asil bumine kang mung saithik kanthi ngucap hamdalah.

Kanggo Nanggulangi lan ngadhepi kelaparan dheweke mbagi-mbagi donyane sing dinduweni marang warga sekitar lan nggawe sumur kanggo dheweke lan warga sekitar, banyune bening lan sumur kuwi ora bakal asat senajan ketiga ngerak lan sawalike nalika rendeng teka banyune ora ngarah amber. Nganti saiki sumur kasebut isih ana lan digunakake ing wayah-wayah tartamtu.

Mula krana kuwi dheweke dijuluki Mbah Nanggul utawa Cungkup, Nanggul amarga Nanggulangi sakabehe bencana, Cungkup amarga nrima lan ngrasa nduwe karoapa sing dinduweni. Nganti dheweke mati ing dina Selasa Pon, pasareyan kalorone dipisahake ora disandhingake bener sapanggon ning diwenehi gates. Mula krana kuwi ing dina Selasa Pon sawise kabeh

warga ngrampungake panene utamane panen pari para warga biasane nganakake manganan utawa sedekah bumi syukuran amarga asil panene kang akeh lan mesthi diwenehi rejeki kang cukup.

Tradhisi kasebut wis ngreMbaka saben taun Mbaka taun dilakoni warga desa kasebut lan uga kanthi rasa toleransi mesthi tukul lan ngreMbaka sajrone masyarakat biasane ritual diwiwiti ing wayah dalu kanthi adicara tahlilan lan uga ana tumpengan pitik panggang wutuh. Banjur dibacutake pengjian. Ana kaunikan sajrone tradhisi manganan ing makam Pringgoloyo yaiku nalika awane nganakake slametan tetelan, miturut warga tetelan mujudake jajanan kang kebak barokah. Tetel dhewe neng kene nduweni simbol minangka jaman biyen isih ana paprangan jaman Belanda masyarakat sakupenge sing ndelik ana ing bukit kana bakal ora katon senajan ditetel kaya ngapa atusan wong nganti sewunan wong tetep kamot. Mula saka kuwi saben ana tradhisi manganan tetelan kuwi jajanan kang wajib. Adhedhasar andharan ing dhuwur bisa dibuktekake kanthi crita ngenani LPPP saka panemune informan lan bakal dibuktekake kanthi anane asil wawancara.

Cungkup, yaiku sawijine panggon kang ana ing desa Jegulo kecamatan Soko kang kerep di rungu utawa sawijine panggon kang ora asing kanggone masyarakat sakupenge desa kasebut, amarga ing panggon kasebut ana sawijine pasareyan utawa maqom. Miturut para sumber saka desa Jegulo kecamatan Soko yen jaman biyen sadurunge negara kita mardika, ing panggon pegunungan kulone desa iki ana pasareyan salah sawijine khalifah Allah sing jenenge Abdurahman utawa kang bisaa dijuluki Mbah Nanggul utawa Mbah Cungkup lan uga ana sumur tilarane Mbah Abdurahman. Andharan ing dhuwur bakal dikuwatake karo katrangan ing ngisor iki.

“Mbah Pangeran Pringgoloyo kuwi wong Jawa penganut agama islam saking kerajaan Mataram (Pajang) isih putune Jaka Tingkir lan ana keturunanane saka Pangeran Benowo. Kenapa kok isa nganti tekan Tuban? Amarga Tuban ing sangandhape wilayahe kerajaan Pajang. Boten namung Tuban mawon, nanging taksih wonten Lamongan, Gresik lsp. Sawise gugure kerajaan Majapahit lajeng pindah ten kerajaan Pajang dibawah kekuasaane Raden Patah.” (Saerozi, 13 Maret 2017)

Karomah Pangeran Pringgoloyo

Karomah kang dinduweni Pangeran Pringgoloyo yaiku arupa sumur kang manggon ing ngisor pasareyan kurang luwih 50 meter saka pasareyane panjenengane. Mbiyen nalika ketiga ngerak para pendhudhuk kang padha urip saya angel ngolehake sumber banyu kanggo urip sedina-dina, banjur Pangeran Pringgoloyo nggawe sumur kang wujud kothak kaya jedhing, amarga Pangeran Pringgoloyo seneng tetulung marang liyan kanthi eklas mula Pangeran Pringgoloyo antuk karomah saka Gusti Allah lewat banyu ing sumur kuwi. Sumur kuwi dijenengi sumur teleng utawa sendhang teleng. Banyu sumur kuwi bisa kanggo apa wae kalebu sumbere

masyarakat desa Jegula, bisa kanggo pengobatan penyakit sing katon utawa ora katon (santet). Saliyane iku uga bisa kanggo ngalab berkah lan sapanunggale gumantung apa kang dikepengini. Andharan ing dhuwur bisa dikuwatake karo katrangan ing ngisor iki.

“Sarat sarana pengobatan, ibarate kita nyuwun marang Gusti Allah liwat tawasul kaliyan Mbah Nanggul. Hla ten ngriku tawasul kalih Mbah Nanggul. Amergi tilaranipun Mbah Nanggul taksih wonten sumur niku, hla sumur menika didamel sarat sarana kangge pengobatan tiyang sakit, sarat sarana kangge dagange lancar, usahane saged lancar lan ditebihake saking sedaya masalah. Sedaya niku nyuwune marang Gusti Allah lumantar donga ten ngriku kaliyan kirim donga kangge Mbah Nanggul, amergi Mbah Nanggul minangka kekasihe Gusti Allah/ auliya. Menawi sampun dados kekasihe Gusti Allah kan sedayanipun panyuwune insyallah bakal kawujud.” (Saerozi, 16 April 2017)

Mitos lan Tradhisi kang ngrembaka ing Pasareyan Pangeran Pringgoloyo

Sawise ngrembug babagan mula bukane LPPP, sabanjure ngrembug babagan mitos lan tradhisi kang ana sajrone Pasareyan Pangeran Pringgoloyo. Wong Jawa isih ngugemi anane mitos ing panggon-panggon kang dianggep keramat. Tuladhane kaya ing Pasareyane Pangeran Pringgoloyo kang dikeramatake. Saliyane kuwi, uga ngrembug babagan tradhisi kang ngrembaka ing Pasareyan Pangeran Pringgoloyo.

Mitos sajrone Pasareyan Pangeran Pringgoloyo

Kapitayan utawa mitos raket sambungane karo rasa pangrasane saben pawongan, mula kapitayan ora bisa dipeksa kudu melu nindakake lan ngeleluri tradhisi cundhuk karo kapitayan kang isih raket banget karo bebrayan Jawa sajrone Pasareyan Pangeran Pringgoloyo ana kapitayan kang nganti saiki isih dipercaya lan diugemi dening masyarakat warga desa Jegulo lan masyarakat njaba kang kerep sowan ing pasareyan Pangeran Pringgoloyo.

Paedahe Banyu Sumur Teleng

Pasareyan Pangeran Pringgoloyo nduweni peninggalan kang dikeramatake, salah sawijine yaiku peninggalan kang arupa sumur kang dijenengi sumur teleng. Sumur teleng iku nduweni piguna kang gedhe tumrap masyarakat desa Jegulo lan masyarakat kang kerep sowan ing pasareyan Pangeran Pringgoloyo. Andharan iki bakal dikuwatake karo katrangan ing ngisor iki.

“Sumur menika inggih kados sumur ajaib cara istilaha, kok saged? Ngeten wanci ketiga ngerak sumur teleng menika boten ngantos asat lan nalika wanci rendheng sumur niku boten ngantos amber. Menawi wonten tiyang ingkang mendhet toya diwadhahi botol utawa curigen senadyan disimpen puluhan taun ora bakal

lumuten. Kados mekaten Mbak kapitayan ngenani sumur teleng menika.” (Saerozi, 16 April 2017)

Ziarah ing Dina Senin Paing Malem Selasa Pon

Para peziarah ngugemi kaberkahan dina Senin Paing malem Selasa Pon. Miturut kapitayan para peziarah lan masyarakat sakupenge pasareyan dina Senin Paing malem Selasa Pon kelebu dina kang paling istimewa kanggo sowan ing pasareyan Pangeran Pringgoloyo. Pamilihane dina malem Selasa Pon adhedhasar saka kadadeyan ing jaman biyen nalika nindakake pangaosan ing papan panggonane lan dina kuwi kerep digawe panjenengane kanggo tapa utawa semedi kanthi rutin ing jaman panjenengane isih sugeng nganti kapundhut. Adhedhasar katrangan kang kaya mangkono, para warga sakupenge lan para peziarah mitayani yen dina Senin Paing malem Selasa Pon kagolong dina kang becik gawe sowan ing pasareyan Pangeran Pringgoloyo. Andharan iki bakal dikuwatake karo katrangan ing ngisor iki.

“ing jaman rumiyin sampun dinten niku Mbak, dipilih dinten ingkang sakral. Dinten menika didamel haul utawi mengeti dinten tanggap warsanipun Mbak. Dinten rahayu, beliau riyin milih dinten Selasa Pon, nganti beliau dipun timbali dening Gusti Allah nggih dinten Selasa Pon. Lajeng masyarakat ngriki nggih ngawontenakan tradhisi dinten Selasa Pon. Biasane saben dinten Selasa Pon kathah tiyang ziarah lan kathah tiyang ingkang salametan ten ngriki. Ora sing ziarah ya saka adoh-adoh Mbak, tuladhane kaya bapak kuwi saking Magelang. Lajeng wonten rombongan saking Parengan, Bojonegoro, Senori. Menawi haulanipun setunggal taun sepindah ugi dinten Selasa Pon sasi Besar.” (Saerozi, 13 Maret 2017)

Sirikan Ngganggo Sragam Dines

kapitayan yen arep sowan ing pasareyan Pangeran Pringgoloyo ora oleh nganggo klambi dines utawa sragam. Kapitayan iki adhedhasar nalika Pangeran Pringgoloyo isih sugeng, panjenengane ora seneng yen ana pawongan kang sombong. Kabeh manungsa diciptakake Gusti Allah kuwi padha ora ana sing beda. Andharan ing dhuwur bisa dikuwatake karo katrangan ing ngisor iki.

“Wonten Mbak, nanging kula nggih dereng mbuktekake. Sirikane niku terose lek PNS utawi TNI/POLRI menawi badhe ngrika boten angsal ngagem rasukan seragam dados kedah rasukan bisaa. Mergi Mbah Nanggul niku tiyang sing boten sombong, pengine merakyat. Dados rakyate boten angsal sombong.” (Saefulloh, 14 Maret 2017)

Pesugihan

Pesugihan utawa ngalap berkah ora bisa uwal saka urip ekonomi sing kacingkrangan utawa bekal ilmu agama sing kurang. Amarga tuntutan ekonomi dadi

panyebab sing paling akeh nalika pawongan cupet pikire kepingin sugih kanthi cara sing cepet, amarga kuwi dilakoni nggunakake cara-cara kang ora becik kayadene sekutu karo jin, setan lan bangsa ghaib liyane. Umume pesugihan yaiku rekadaya golek bandha donya kanthi nggunakake pamujaan lan ritual tartamtu kang nglibatake pangurbanan utawa tumbal kang biasane ditindakake ing panggonan-panggonan wingit la nana dhanyange.

Tradhisi sajrone Pasareyan Pangeran Pringgoloyo

Sajrone *LPPP* iki akeh adicara-adicara adat utawa tradhisi kang nganti saiki isih dipercaya lan terus dianakake kayadene, manganan lan haul lan Nadzar.

Manganan lan haul Pangeran Pringgoloyo

Manganan utawa sedekah bumi yaiku rantaman sing ditindakake kanthi tujuan syukur marang Gusti. Manganan biasane dilakoni nalika rendheng lan nalika sawise panen kanggo ngucap syukur amarga wis diparingi asil tetanen sing nglimpah ruwah. Ing plaksanakake manganan kagolong adicara kang religiusme kang katon banget. Nduweni pitutur becik kang kebak rasa syukur marang Gusti lan lingkungane sing gemah ripah loh jinawe. Manganan ing Pasareyan Pangeran Pringgoloyo bebarengan karo adicara haul Pangeran Pringgoloyo. Masyarakat sing nindakake manganan ing Pasareyan Pangeran Pringgoloyo ora mung warga sakupenge utawa warga desa Jegulo, nanging uga saka njaba desa utawa njaba kutha. Andharan ing dhuwur dikuwatake karo katrangan ing ngisor iki.

“Boten namung warga Jegulo mawon, sanesipun warga desa Jegulo, ugi wonten warga desa Klumpit, Gombor. Boten namung warga desa mawon ugi wonten saking daerah-daerah kutha kados ta, Tuban, Bojonegoro, Lamongan, kalebu Cepu, Padhangnan nganti Surabaya, Gresik lan kutha-kutha liyane.” (Saerozi 16 April 2017)

Nadzar

Sajrone pandhangan islam, nadzar yaiku janji kang kudu dilakoni nalika wis bisa nggayuh samubarang kang dikapingini, nduwe uni yen bisa nggayuh apa kang dikarepi bakale nglakoni tumindhak becik liyane, kaya dene pasa lan shodaqoh. Piwulange islam, nadzar ora ana sambungane karo perangan ukume wajib, nanging dadi wajib nalika wis diucapake dadi kewajiban kang kudu dijangkepi. Sajrone pasareyan Pangeran Pringgoloyo kerep digunakake kanggo wong nadzar. Kaya dene nadzar upama anake sing penyakiten diombeni banyu saka sumur teleng kasebut waras wong kasebut bakal nggawa panggang ayam menyang pasareyan Mbah Nanggul. Nadzar kasebut kuwi wis kalebu janji, janji kuwi utang, mula saka kuwi utang kudu wajib dibayar. Adharan kasebut bakal dikuwatake karo katrang ing ngisor iki.

“Nggih sirikane nek mpun berhasil piyambake mbeta panggang ayam utawi bucu panggang ayam, nggih wonten ingkang mbekta kembang kenanga damel nyiram ten makom mrika.” (Jais, 16 April 2017)

Katrangan ing dhuwur nuduhake yen nalika ana wong nyuwun ana ing pasareyan Pangeran Pringgoloyo banjur apa kang dikepingini wis kagayuh kudu eling marang apa kang diucapake lan kudu sacepete ditindakake. Nadzar kuwi kalebu utang, lan utang ukume wajib dibayar. Biasane wong-wong mesthi akeh-akehe menawa pepingine wis kagayuh mesthi nggawa panggang ayam neng pasareyane Pangeran Pringgoloyo. Miturute wong Jawa kuwi kang diarani nduwe uni. Uni kuwi sejatine saka tembung muni, nanging ilate wong Jawa senengane nyekak dadi uni.

Makna lan Simbol kang Kinandhut sajrone Tradhisi ing Pasareyan Pangeran Pringgoloyo

Minangka masyarakat Jawa kang isih percaya marang samubarang lan isih ngugemi sawijine bab kuwi nuduhake salah sawijine wujud pangabektene masyarakat marang para leluhur utawa wujud pakurmatan marang leluhur. Tumindak kasebut nuduhake yen masyarakat Jawa kuwi isih ngugemi lan ngetrepake sawijine makna-makna kang asipat adiluhung. Makna kang kinandhut sajrone bab tartamtu kasebut digunakake minangka sawijine piranti kanggo ngontrol tumindake masyarakat.

Manganan (Nyadran)

Manganan utawa nyadran yaiku adicara kang dianakake saben sasi besar. Manganan iku minangka wujud syukur dumateng kersane Gusti Allah, amarga wis paring rejeki. Pendhudhuk kang melu manganan ora mung saka desa Jegulo wae, nanging uga saka njaba desa, utawa njaba kutha.

“Nggih tradhisi ing wektu utamane hari besar munggo mana hari besar bumine niki, menika Selasa Pon. Nggih pas nalika dinten besar boten wonten dintene Selasa Pon nggih digantos sasi sura sedekah bumine niku.” (Jais, 16 April 2017)

Ubarampe Manganan utawa Nyadran

Piranti kang dadi simbol panyengkuyung adicara ing LPPP yaiku ambeng lan kembang nanga utawa kembang wangi. Ambeng ing kene ana loro, yaiku ambeng kanggo adicara manganan lan ambeng minangka simbol syukur. Luwih cethane bisa dideleng ing ngisor iki.

Tumpeng lan Ambengan

Tembung tumpeng sajrone basa Jawa tumuju ing lepeng marang Gusti. Tumpeng kuwi bisa ndedonga anteng, meneng, jejeg, menthetheng, kaya-kaya nduweni teges yen nalika ndedonga kuwi kudu pasrah marang Gusti. Tumpeng yaiku sega kang dibentuk kaya gunung (digawe slametan), tumpeng iki kerep digunakake dening para warga nalika njangkepi unine utawa nadare.

Panggang

Panggang yaiku pitik jinis apa wae kang isih kemanggung lan bakal ngasilake daging kang isih legi ora

gonyeh, nanging kanggo slametan utawa ambeng manganan luwih becik yen nggunakake pitik Jawa. Panggang iki yaiku samubarang kang diratengi utawa diolah sarana digaringake ing geni.

Kulupan utawa Urap

Lawuhan sajrone ambeng utawa tumpeng kang dadi isen-isene yaiku ana urap-urapan. Urap mujudake lawuhan kang digawe sak tetuwuhan kang ana ing desa Jegulo, kayata kacang lanjaran, cambah, godhong menyok kang dicampur karo klapa parut kang wis dicampuri bumbu utawa wis dibumboni. Ngenani makna kang kinandhut dibuktekake saka kutipan wawancara ing ngisor iki.

“Urap kuwi tegese padha karo urip, minangka manungsa kuwi kudu bisa nguripi, bisa nafkahi kaluwargane kanthi cara kang becik, ateges rejeki kuwi halal. Urap uga bisa ditegesi minangka sumber panguripan. Sumper panguripan neng kene kuwi tegese yen manungsa kuwi tansah urip sehat, bagas waras kuwi bakal bisa nerusake apa kang wis dadi warisane para leluhure tuladhane kayata LPPP lan apa kang ana ing sajrone LPPP iki ya kalebu tradhisi sing ana kuwi Mbak.” (Jais, 16 April 2017)

Katrangan ing dhuwur bisa dingerteni yen tembung urap kuwi tegese padha karo urip, tegese maneh yaiku bisa nguripi lan nafkahi kaluwargane kanthi cara kang halal utawa becik. Urap uga nduweni teges sumber panguripan. Sakabehe wujud kang ana ing alam donya kayata tetuwuhan yaiku kaya godhong tela utawa menyok kasebut nduweni makna lan simbol kang beda-beda antarane siji lan sijine. Bab kasebut bisa dibuktekake saka katrangan ing ngisor iki.

“Kacang, cambah lan uga godhong tela utawa menyok kuwi nduweni teges dhewe-dhewe Mbak. Kapisan kacang, kacang kuwi lak dawa nggih Mbak, bisa disawang saka wujud kang dawa yen disambungake karo panguripane manungsa kuwi tegese dawa pamikiran, cethane dawa anggane mikirake samubarang sadurunge nglakoni tumindak tartamtu. Tegese ora gugup anggane njupuk kaputusan, amarga sadurunge nglakoni apa-apa kuwi dipikir tenanan Mbak. Iki mengko apik utawa elek. Dawa ing kene uga nglambangake umur sing dawa. Hla mula saka kuwi Mbak, geneya kok dijupuk kacang lanjaran kanggo bumbu ing urap-urapan sajrone tradhisi slametan. Dikarepake supaya masyarakat desa Jegulo kuwi tansah dawa umure lan seger waras.” (Jais, 16 April 2017)

Katrangan kasebut nuduhake yen kacang lanjaran sajrone bumbu urapan iku nduweni teges kang wigati kanggo panguripane manungsa ing alam Donya. Kacang lanjaran nduweni teges dawa, yaiku dawa ing pamikiran, tegese sadurunge nindakake samubarang kuwi tansah dipikir lan ditimbang becik apa orane. Kacang

lanjangan uga nduweni teges dawa umure. Dikarepake supaya masyarakat desa Jegulo tansah padha dawa umure lan pinaringan bagas waras. Lawuhan urap sabanjure yaiku uga ana cambah. Cambah iki uga nduweni teges lan piguna kang wigati kanggo panguripane manungsa, kabukti saka asil wawancara ing ngisor iki.

“Dene ngenani makna cambah kuwi ngeten Mbak, cambah kuwi lak awitane saka isi utawa wiji, wiji kuwi saya suwe mengkone bakal thukul. Ora adoh saka menungsa ing alam Donya urip kuwi kudu tansah maju, ngreMbaka. Istilaha kuwi kudu semangat, pinter anggone golek pakaryan, lan uga nuwuhake keturunan. Manungsa kang kaya mangkono kuwi ing tembene bakal kasil, amarga gelem ngupaya. Banjur maknane saka klapa kuwi dhewe, klapa kuwi lak salah sawijine tetuwuhan kang nduweni guna awit saka wit, godhong, klapane, bathoke kabeh kuwi bisa digunakake utawa nduweni piguna. Dadi menawa digambarake ngoten niku tegese, manungsa kuwi kudu nduweni piguna marang sapa wae, neng ngendi wae kuwi kudu bisa urip, ngupaya, lan kudu nrima uga nyukuri apa kang kayadene contone menawa yen nduweni kekurangan.” (Jais, 16 April 2017)

Katrangan ing dhuwur nuduhake yen cambah kuwi nduweni makna teges supaya panguripane manungsa kuwi tansah terus maju utawa ngreMbaka, pinter golek pakaryan, lan uga nduweni anak putu. Cambah uga nglambangake sawijine pamikiran kang pinter supaya bisa kasil ing tembene. Sabanjure yaiku tegese klapa, kalebu tetuwuhan kang bisa tuwuh ing ngendi wae uga klapa kuwi nduweni piguna awit saka wite, godhonge, sadane, bathoke, klapane nganti banyune kuwi kabeh nduweni paedah. Mula saka kuwi, menawa digambarake kaya klapa, manungsa kudu tansah bisa urip ing kahanan kang kepriye wae papan panggonane. Manungsa kudu bisa urip ing kahanan kang kepriye wae, awit saka seneng lan susah, lan kudu bisa nyukuri apa kang wis digarisake dening Gusti. Katelu lawuhan lan lalapan kuwi mau banjur bisa didudut yen masyarakat desa Jegulo mligine nduweni pangajab supaya sajrone panguripane diwenahi umur kang dawa, lan bisa nuwuhake keturunan kang mengkone bisa dadi generasi penerus kang nduweni watak becik lan uga migunani kanggo sapa wae lan ing ngendi wae papan panggonane.

Gedhang Raja

Gedhang raja dadi ubarampe nalika manganan ing tatacara adicara haul Mbah Nanggul utawa Pangeran Pringgoloyo. Gedhang raja dadi salah sawijine tumpangane ambeng kang kerep banget digawe lan ora kena ditinggalake ing jamane masyarakat biyen nalika manganan. Gedhang raja kuwi tegese minangka pangarsa kang nduweni kawicaksanan, nduwe perbawa karo pawongan. Menahi teteken pawongan sing lunyu, menahi pepadhang sing peteng, lan menahi pangan sing kacingkrangan. Andharan ing dhuwur bakal dikuwatake karo katrangan ing ngisor iki.

“Nek jamane Si Mbah Buyutku riyin nggih mesthi umpami manganan niku tumpangane mesthi wonten gedhang rajane Mbak, senadyan regine awis nanging tetep ditumbas Mbak, amergi nggih tiyang Jawi yen boten mathuke nggih boten sreg.” (Jais, 16 April 2017)

Jajan Pasar

Jajan pasar yaiku jajan kang biyasane didol ing pasar, jinise jajan pasar iki warna-warna kayata, apem, puthu ayu, kucur, nanging saya ngrembakane jaman jinise jajan pasar malih maneka warna ora mung jajan-jajan tradhisional kaya dene donat, dumbeg, wingka, roti kukus, lsp. Saka sakabehe jajan pasar uga nduweni makna nalika manungsa nduweni krenteg nggayuh pepinginan kang maneka warna. Andharan ing dhuwur bakal dikuwatake karo katrangan ing ngisor iki.

“Nggih wonten sing mbeta nggih wonten sing boten. ning rata-rata kathah ingkang sadayan ten peken, mesthi yen wancine manganan niku jajan pasar mesthi telas diborong, utawi saderengipun manganan niku mpun pesen rumiyin. Hla tinimbang repot gawe dhewe lak dipendhet penake tumbas mawon ngoten hlo Mbak. Jajan pasar niku lak maneka warna Mbak, ibarate nggih kados permasalahan ing ndonya niku nggih maneka warna. Mbok menawa maknane digawe tumpang ing ambeng menika saged dados uneg-unege nalika ing pasareyan kepingin tawasul marang Mbah Nanggul.” (Jais, 16 April 2016)

Tetel

Tetel iki asale saka beras ketan kang didang banjur ditetel. Tetel iki nduweni wujud kang kelet nalika didemek tangan. Kelet iki nduweni makna supaya tansah ngraketake paseduluran. Tetel kang kelet mujudake paseduluran kang raket lan ora bakal owah. Kabukti saka katrangan ing ngisor iki.

“Tetel kuwi nggawene saka beras ketan Mbak. Carane nggawe kuwi ditetel-tetel tujuwane supaya padet lan raket utawa kelet dadi siji. Wujude tetel kuwi kelet, mula saka kuwi kang mujudake supaya kanggo paseduluran kuwi tansaya kelet pasedulurane utawa raket pasedulurane ngono hlo Mbak. Dadi dikarepake saka anane adicara iki kabeh warga ki pasedulurane dadi tansaya raket.” (Saefulloh, 14 Maret 2017)

Kripik utawa Rengginang

Kripik kalebu salah sawijine krupuk kandel kang digawe saka beras ketan kang wis dhang banjur dibentuk lan diwenahi warna miturut selarane kang nggawe. Banjur digaringake kanthi cara dipepe ing ngisor srengenge, sawise garing bisa langsung digoreng. Saliyane kuwi kripik uga nglambangake kemakmuran

yen dijupuk saka bahane yaiku beras ketan, miturut masyarakat Jawa lan tumekane saiki isih diugemi dening masyarakat panyengkuyung LPPP ing desa Jegulo uga dipercaya yen beras kuwi minangka simbol kemakmuran. Andharan kasebut bakal dikuwatake karo asil wawancara ing ngisor iki.

“Kripik utawa rengginang kuwi nggambarake kemakmuran Mbak, kenapa kok diarani kaya mangkono, amarga rengginang kuwi lak digawe saka beras lan ketan. Hla beras lan ketan kuwi dipercaya dening masyarakat kene minangka simbol kemakmurane desa Jegulo. Beras lan ketan kuwi lak kalebu asil bumine masyarakat kene ta Mbak.” (Saefulloh, 14 Maret 2017)

Kembang

Nalika menyang pasareyane Pangeran Pringgoloyo, ana syarat kang kudu digawa, yaiku kembang nanga utawa kembang telon utawa kembang wangi. Kembang nanga yaiku kembang sing digawe nyiram ning ora ana campurane blas. Kembang telon yaiku campuran saka kembang gadhing, kembang mawar, lan kembang kenanga. Dene kembang wangi yaiku campuran sak kembang kenanga, kembang mawar, kembang gadhing lan irisan godhong. Katrang bisa dideleng ing ngisor iki.

“Nggih wonten ingkang mbekta kembang kenanga damel nyiram ten makom ngrika.” (Jais, 16 April 2017)

Kembang telon iki nduweni simbol yen wong urip kang didongakake bisa suci kaya kembang telon. Pigunane saka kembang telon iki dicepakake kanggo menahi pakurmatan lelehur. Kembang iku gandane wangi, mula wong kang ndongakake nduweni pengarep-arep supaya dongane wangi kaya kembang kang digawa. Panemune wong sepuh-sepuh yen nalika kembang durung garing, mula dongane isih ana ing kembang kasebut. Kembang nduweni kecarepan supaya dongane tetep mili kanggo wong kang didongakake. Sasuwene kembang iku isih seger, donga kasebut isih tetep mili. Iline donga mandhek nalika kembang kasebut wis garing.

Slametan utawa Kenduren

Slametan wiwitane saka tembung slamet yen ing basa arab salamah ateges selamat, bagya, lan mulya. Slamet bisa ditegesi nalika pawongan bisa uwal saka kahanan kang ora becik kaya dene pacobane urip lan lelara. Tradhisi slametan utawa kenduren kalebu salah sawijine tradhisi kang ditindakake supaya bisa adoh saka pageblug.

Ubarampe slametan utawa kenduren

Ubarampe utama kang kudu digawa nalika adicara slametan utawa kenduren yaiku ambeng.

Ambeng (Tumpeng)

Ambeng yaiku tegese sega kang dikepung nalikane slametan. Sega ambeng iki nduweni lambing minangka lambange kabegjanan. Tumpeng minangka syarat nalika ana adicara slametan utawa kenduren.

Tumpeng nduweni teges yaiku tumapaking panguripan tumindak lempeng tumuju Pangeran. Tumpeng lan panguripane manungsa pancen nduweni sesambungan kang raket. Tumpeng wis lumrah ana ing panguripane manungsa wiwit manungsa iku isih ana ing njero weteng nganti manungsa iku tilar ndonya. Akeh banget adicara-adicara adat liyane kang uga nggunakake tumpeng. Mula saka kuwi, tumpeng nduweni simbol tartamtu kang dipercaya anane dening masyarakat. Kabukti saka katrangan ing ngisor iki.

“Kenapa kok tumpeng kalebu ubarampe sing wajib, ngeten nggih Mbak, tumpeng kuwi lak dadi bab sing lumrah ana nalika adicara-adicara adat. Tumpeng nggih nggadhahi makna filosof, yaiku tumungkula sing mepeng, nek teges ambane tumapaking panguripan tumindak lempeng tumuju Pangeran. Werdine, menawa kita kepingin urip slamet kudu tansah rajin ngibadah.” (Saerozi, 13 Maret 2017)

Tumpeng dadi sawijine syarat kang kudu anal an wajib ana. Ing adicara slametan utawa kenduren iki isen-isenane tumpeng mung panggang ayam karo sambel klapa utawa urap-urapan. Adhedhasar andharan ing dhuwur tumpeng isoih nduweni sesambungan karo panguripane manungsa ing alam Donya. Tujuwane yaiku supaya masyarakat desa Jegulo adoh saka pageblug, diwenehi keslametan, guyub rukun lan ayem tentrem. Wujud isenane tumpeng bakal diandharake ing ngisor iki.

Kulupan utawa urap

Kulupan ditata ing sakiwa tengene sega buceng nduweni makna supaya rejekine kang lagi nindakake slametan utawa sing teka kaya gunung, tegese mbesuke bisa nduweni rejeki kang akeh lan linuwih, bebasan sadhuwure gunung lan sakiwa tengene buceng mau diwenehi kulup minangka isen isene wong urip wong ngaurip, kang dumadi saka gegodhongan lan klapa kang wis diparut, kuwi minangka lambang kesuburan lan dadi pratandha yen selawase urip tansah manggih ing pangayomane Gusti, lan klapa sing sumebar ana ing kulupan iku mau yen disawang dadi siji campur kulupan mau kaya-kaya rereged kang ngrusuhi kulupan kuwi mau, nanging iku bisa dadi tetenger yen sakakeh-akehe bandha donya kuwi mau mesthi ana regede lan dadi bandha kang kebak mala lan sukerta, kecukupan uripe lan ora sarwa kurang nanging tansah ngucap syukur marang kang gawe urip. Andharan kasebut bakal dikuwatake karo andharan ing ngisor iki.

“Urap kuwi tegese padha karo urip, minangka manungsa kuwi kudu bisa nguripi, bisa nafkahi kaluwargane kanthi cara kang becik, ateges rejeki kuwi halal. Urap uga bisa ditegesi minangka sumber panguripan. Sumber panguripan neng kene kuwi tegese yen manungsa kuwi tansah urip sehat, bagas waras kuwi bakal bisa nerusake apa kang wis dadi warisane para leluhure tuladhane kayata LPPP lan apa kang ana ing sajrone LPPP iki ya kalebu

tradhisi sing ana kuwi Mbak.” (Jais, 16 April 2017)

Panggang Ayam

Panggang yaiku pitik jinis apa wae kang isih kemanggang lan bakal ngasilake daging kang isih legi ora gonyeh, nanging kanggo slametan utawa ambeng manganan luwih becik yen nggunakake pitik Jawa. Panggang neng kene nduweni makna wong kang bisa golek sandhang papan kanthi mandhiri, wong kang bisa nyukupi kabutuhane tanpa mbebani liyan lan ora ngandhalake pitulungane wong tuwa. Kabukti saka katrangan ing ngisor iki.

“Menawa ana tumpung kuwi ya wis mesthi ana panggang bucenge, dadi menawa ora ana pangange ya bakal disawang wong kok ora pantes lan uga ora lumrah merga wis wajib. Dadi panggang kuwi wajib, wis gandhengane ora bisa dipisahake saka tumpeng. Hla dene teges saka panggang kuwi digambarake utawa nglambangake sipat utawa rasa mandhiri. Minangka manungsa kuwi ora oleh gumantung terus-terusan marang wong liya kanggo nyukupi kabutuhane, dadi kudu bisa usaha dhewe ngupaya kanggo panguripane.” (Jais, 16 April 2017)

Adhedhasar andharan ing dhuwur nuduhake yen panggang kuwi minangka simbole manungsa kang kudu ngupaya kanggo panguripane. Wis samesthine yen urip mandhiri iku wigati banget, kudu ditindakake dening manungsa kang wis rumaja kaya dene pitik kang wis wiwit kemanggang. Panggang iki ora bisa uwal saka tumpeng utawa bucenge minangka ubarampe ing saperangan tradhisi ing LPPP.

Pala Pendhem

Pala pendhem yaiku sakabehe jinis umbi kang tuwuh ing sajrone lemah utawa urip kapendhem ing ngisor lemah kayata tela, menyok, uwi, tales, lan sapanunggal. Pala pendhem iki nduweni makna yaiku minangka sarana kanggo pakurmatan marang para danyang kang wis tilar Donya utawa pakurmatan kanggo leluhur utamane Pangeran Pringgoloyo minangka danyange desa Jegulo.

“Pala pendhem kuwi lak urip ing ngisor lemah, hla kuwi diwujudake kaya asale manungsa yaiku saka lemah, dadi pala pendhem kuwi minangka sarana pangeling-eling kanggo manungsa asale saka lemah lan semono uga baline uga neng lemah.” (Saerozi, 13 Maret 2017)

Tahlilan

Tahlilan yaiku ngaji bareng-bareng, wonge luwih saka siji lan ana sing mimpin. Pasareyan Mbah Pringgoloyo iku uga dianakake tahlilan saben dina Selasa Pon. Wong sing melu tahlilan ora mung saka desa Jegulo, nanging uga saka njaba kutha kayata Bojonegoro, Tuban, Gresik lan uga peziarah sing ajeg mrono nalika dina Selasa Pon. Sadawane adicara tahlilan iki, wong kang

melu tahlilan ora oleh ngomong dhewe, utawa mangan sadawane adicara lumaku. Sadurunge mlebu pasareyan, para tamu kudu uluk salam luwih dhisik, banjur matur kekarepane apa dibacutake maca surat yasin lan tahlil. Katrangan bisa dideleng ing kutipan ngisor iki:

“Ya sing wiwitan yasinan dhisik lajeng tahlil lan pungkasan donga” (Saerozi, 13 Maret 2017)”

Adhedhasar katrangan kang diandharake ing dhuwur iku, adicara tahlilan iki diwiwiti saka maca yasin luwih dhisik, banjur maca tahlil. Bubar tahlil maca donga lan sholatwat bareng-bareng. Tahlil iki uga dipimpin saka rombongan dhewe, utawa melu sesepuh pasareyan kang lagi nganakake tahlilan.

Sabubare tahlilan, pawongan kang nduweni kekarepan ngandharake pepingine. Upama ora wani, bisa uga ngutus ngaturake pemimpin tahlil supaya diaturake kekarepane. Pungkasane banjur nyekar pasareyane Mbah Pringgoloyo, kanthi cara nguwurake kembang ing Cungkup.

Nilai-Nilai Budaya kang Kinandhut Sajrone LPPP

Nilai budaya yaiku konsep-konsep ing pikirane masyarakat ngenani samubarang kang dianggep nduweni Nilai kang luwih karo panguripane. Nilai budaya iku ora rinasa wis menehi pangaribawa tumrap solah bawane. Suwe-suwe Nilai-Nilai kasebut dadi panutan ing urip bebrayan.

Nilai budaya kang nggayutake manungsa marang Gustine, yaiku gegayutan dhasar hakekate kekerabatan manungsa ing donya iki. Gegayutan Nilai budaya iki biasane yaiku ketakwaan, seneng ndonga, lan seneng pasrah marang Gusti, saengga bisa nuwuhake Nilai-Nilai ketakwaan lan seneng ndonga.

Nilai budaya kang nggayutake manungsa karo alam, yaiku Nilai budaya kang ana gegayutane marang alam minangka kesatuan kauripan manungsa ing ngendi dheweke ana. Dumadi saka nyerah saka ketentunan, nguwasai alam, nggoleki kecocokan, pengaturan lan pemanfaatan sumber daya alam kang dumunung ing adicara manganan.

Nilai budaya gegayutan manungsa marang bebrayan, yaiku Nilai-Nilai kang ana gegayutane marang kepentingan anggota masyarakat individu. Kaya dene Nilai budaya musyawarah, gotong royong, tresna tanah air, kapatuhan marang adat, lan keadilan. LPPP iki menehi conto supaya manungsa bisa rukun lan bisa gotong royong karo tangga teparo.

Nilai budaya kang nggayutake manungsa karo manungsa liya, yaiku gegayutane manungsa marang manungsa minangka mahluk sosial. Baban kang nyakup bab kasebut yaiku keramahan, kesopanan, kejujuran, kawicaksanan lan kaikhlasan kang dinduweni manungsa marang manungsa liyane.

Nilai budaya kang nggayutake manungsa marang awake dhewe iku ana gegayutane marang individu ngadhepi konflik-konflik kang kadadeyan saka awake dhewe. Kaya dene situasi urip individu, amarga dhasar uripe uga dilandhasi marang sipat pribadine manungsa iku dhewe. Nilai budaya iku

dumadi saka sipat-sipate manungsa kaya dene golek ilmu, gelem mergawe kanthi temenan, bisa urip sara, gemi, jujur, andhap asor, njaga drajat awake dhewe.

Fungsi LPPP Tumrap Bebrayan Panyengkuyunge TSA Minangka Alat Proyeksi

Anane tradhisi lan carita legendha kasebut menahi pangarep-arep marang masyarakat supaya masyarakat tansah pinaringan slamet anggone urip ing alam donya iki. Akeh piguna kang bisa dijupuk saka LPPP, salah sawijine yaiku kayata kanggo tolak balak sajrone adicara *Siraman Kepala Desa*.

Minangka Sistem Proyeksi

LPPP bisa menahi pengangen-angen kanggo masyarakat panyengkuyunge. Anane legendha kasebut menahi pangarep-arep supaya bisa slamet anggone urip ing alam donya. Akeh piranti kang dijupuk sak legendha, kanggo tolak balak penyakit. Kaya dene banyu saka sumur teleng bisa nolak sakabehe penyakit sing katon utawa ora katon.

Minangka Alat Pengesahan Budaya

Manungsa urip ing donya kang disuwun bisa slamet donya lan akherat. Maneka warna tata cara nyuwun slamet marang Gusti kang Maha Kuwasa, saengga tuwuh adicara-adicara sing dianggep bisa menahi keslametan. Tuwuhe tradhisi banjur disahake minangka kabudayan.

Minangka Sarana Pendhidhikan

LPPP minangka bageyan saka kabudayan kang uga bisa kanggo sarana ndhidhik utawa panggulawentah generasi mudha. Legendha pasareyan Pangeran pringoloyo iki nduweni adicara managanan, haul, slametan tetel lan siraman kang diuleni kabeh masyarakat, kalebu bocah. Adicara kasebut bisa ndhidhik bocah utawa generasi mudha supaya gelem nguri-nguri tradhisi leluhure.

Minangka Alat Kendhali Sosial

Sejatine manungsa ora bisa urip dhewe, mula manungsa kuwi diarani makhluk sosial. Manungsa mbutuhake srawung karo wong liya lan njaga pasaduluran antarane tangga teparo. Pasareyan Pangeran Pringgoloyo iki bisa dadi alat kanggo ngendalekake tumindak ngiwa ing masyarakat sosial, utamane bisa ngraketake paseduluran nalika adicara manganan dilaksanakake utawa nalika slametan ing saben sasi pisan yaiku dina Selasa Pon.

Piguna Liyane

Minangka Sarana Kanggo Nentremake Ati

Manungsa mung saderma, mobah masik gumantung Hyang Sukma. Manungsa nduweni ati kang tansah goyah nalika nrima coba. Manungsa uga butuh nyemendhekake pangarsa marang Gusti, supaya ati krasa tentrem. Pasareyan Pangeran Pringgoloyo kerep dadi jujugan wong kang nduweni pacobane urip kang rinasa abot.

Minangka Piranti Kanggo Hiburan

LPPP uga minangka hiburan nalika adicara manganan lan haul. Manganan uga bisa diarani pesta rakyat amarga nalika adicara kasebut masyarakat padha kumpul ing pasareyan, enom, tuwa, gedhe, cilik padha tumplek dadi siji

Minangka Sarana Utawa Kanggo Ngalab Berkah

Manungsa urip ing alam donya mesthi kepingin antuk berkah saka gusti kang akarya jagad. Upaya kanggo antuk berkah iku maneka warna carane, wiwit kanthi nyuwun barokah marang Gusti, nganti cara nyimpang. Pasareyan Pangeran Pringgoloyo kerep dienggo ngupaya ngalab berkah kanthi cara ndedonga marang Gusti lumantar Mbah Pangeran Pringgoloyo

PANUTUP

Dudutan

LPPP minangka folklor lisan kang tuwuh ing desa Jegulo. Mula bukane LPPP yaiku nyritakake anane salah sawijine pawongan kang dianggep auliya utawa kekasihe Gusti Allah yaiku Pangeran Pringgoloyo utawa Mbah Nanggul. Panjenengane kuwi salah sawijine keturunan Jaka Tingkir. Pangeran Pringgoloyo kuwi putrane Pangeran Benowo saka kerajaan Pajang-Mataram. Nalika jaman semono ing kerajaan Pajang-Mataram lagi ana paprangan antarane dulur musuh dulur, amarga rebutan warisan. Banjur Pangeran Pringgoloyo ora nduweni sipat kang neka-neka mula panjenengane karo dulur-dulure luwih milih ninggalake kerajaan lan milih ngumbara ing tanah Jawa. Pangeran Pringgoloyo netep ing desa kang sinebut desa Jegulo lan ngajarake agama marang pendhudhuk kang nalika jaman semana durung ngenal agama. Pangeran Pringgoloyo dadi pangarsane desa Jegulo, nalika desane kena musibah Pangeran Pringgoloyo seneng tulung marang masyarake, lan Pangeran Pringgoloyo bisa nanggulangi sakabehe bencana. Mula pangeran Pringgoloyo jejuluk Mbah Nanggul. Desa Jegulo dhewe nduweni makna yaiku njejeg barang sing ala.

Mitos lan tradhisi kang ngrembaka ing Pasareyan Pangeran Pringgoloyo yaiku anane mitos ing pasareyan kasebut ing antarane yaiku, 1) Paedahe banyu sumur teleng, 2) Ziarah dina Senin Paing malem Selasa Pon, 3) Sirikan Nganggo Sragam Dines, 4) Pesugihan. Banjur tradhisi sajrone pasareyan Pangeran Pringgoloyo ing antarane yaiku, 1) Manganan lan Haul Pangeran Pringgoloyo, lan 2) Nadzar.

Babagan makna lan simbol kang kinandhut ing pasareyan Pangeran Pringgoloyo ing antarane yaiku tradhisi sarta urabampe. Tradhisi kapisan yaiku manganan utawa nyadran sarta ubarampene. Tradhisi kapindho yaiku slametan utawa kenduren lan kang pungkasan yaiku adicara tahlilan.

Nilai budaya kang kinandhut ing LPPP. Nilai budaya iku antarane, Kapisan, nilai budaya kang nggayutake manungsa marang Gustine. Kapindho, nilai budaya kang nggayutake manungsa marang alam. Katelu, nilai budaya kang nggayutake manungsa marang bebrayan. Kaping papat, nilai budaya kang nggayutake

manungsa marang manungsa liyane. Pungkasan, nilai budaya kang nggayutake manungsa karo awake dhewe.

Pigunane LPPP ing antarane, minangka system proyeksi, minangka pangesahe budaya, minangka sarana pendhidhikan lan minangka piranti kanggo meksa lan ngawasi paugeran ing bebrayan. Banjur tuwuh piguna liyane yaiku minangka sarana kanggo nentremake ati, minangka piranti kanggo hiburan, lan minangka sarana kanggo ngalab berkah. Piguna legendha iki bisa tuwuh piguna liyane amarga saka pamawase panliti ana katrangan saka informan kang nuwuhake piguna sanjabane piguna kang diandharake Bascom. Kabeh mau diandharake dadi siji ing bab andharan panliten.

Pamrayoga

Panliten iki nduweni pengarep-arep bisa ndadekake pamrayoga lan renungan marang pihak-pihak pendhidhikan kanggo ndadekake budaya local minangka sarana panggulawenthah. Kajaba saka iku, panliten iki uga nduweni pangarep-arep supaya bisa menahi paedah marang wong kang durung ngerteni anane LPPP. Panliten legendha iki uga kalebu tuladha kanggo nguri-uri kabudayan supaya ora ilang lan kagerus kabudayan manca.

KAPUSTAKAN

- Arikunto, Suharsimi. 2006. *Prosedur Penelitian Suatu Pendekatan Praktik*. Yogyakarta: Rineka Cipta
- Danandjaja, James. 2002. *Folklor Indonesia Ilmu Gosip, Dongeng, Dan Lain-Lain*. Jakarta: PT Temprint
- Djamaris, Edward. 1993. *Nilai Budaya dalam Beberapa Karya Sastra Daerah di Sumatra*. Jakarta: Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa
- Endraswara, Suwardi. 2009. *Metodologi Penelitian Folklor*. Yogyakarta: Medpress
- _____. 2013. *Folklor Nusantara*. Yogyakarta: Penerbit Ombak
- Hutomo, Suripan. 1991. *Mutiara yang terlupakan: pengantar studi sastra lisan*. Surabaya: HISKI.
- Koentjaraningrat. 1984. *Manusia dan Kebudayaan di Indonesia*. Jakarta: Djambatan
- _____. 1987. *Kebudayaan, Mentalitas dan Pembangunan*. Jakarta: Gramedia Pustaka Utama
- _____. 1990. *Pengantar Ilmu Antropologi*. Jakarta: Rineka Cipta
- _____. 1994. *Kebudayaan Jawa*. Jakarta: Balai Pustaka
- Kuntowijoyo. 2006. *Budaya dan Masyarakat*. Yogyakarta: Tiara Wacana
- Lantini, Endah Susi, dkk. 1996. *Refleksi Nilai-Nilai Budaya Jawa Dalam Serat Suryaraja*. Jakarta: Cv Putra Sejati Raya
- Maran, Rafael Raga. 2000. *Manusia dan Kebudayaan dalam Perspektif Ilmu Budaya Dasar*. Jakarta: Rineka Cipta
- Moleong, Lexy J. 2009. *Metodologi Penelitian Kualitatif*. Bandung: PT Remaja Rosda Karya
- Nurgiyantoro, Burhan. 1998. *Teori Pengkajian Fiksi*. Yogyakarta: Gajah Mada University Press
- Poerwadarminto. 1976. *Kamus Besar Bahasa Indonesia*. Jakarta: Balai Pustaka
- Ratna, Nyoman Kutha. 2009. *Teori, Metode, dan Tehnik Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar
- Santosa, Gempur. 2007. *Metode Penelitian Kuantitatif dan Kualitatif*. Jakarta: Prestasi Pustaka Publiser
- Soekanto, Soerjono. 1993. *Beberapa Teori Sosiologi Tentang Struktur Masyarakat*. Jakarta: Raja Grafindo Persada
- Sudikan, Setya Yuwana. 2001. *Metode Penelitian Kebudayaan*. Surabaya: UNESA Unipress
- Sugiyono. 2011. *Metode Penelitian Kuantitatif Kualitatif dan R&D*. Bandung: Alfabeta
- Sulaeman, M. Munandar. 1998. *Ilmu Budaya Dasar*. Bandung: PT Eresco
- Suwandi, Sarwidji. 2006. *Semantik Kajian Makna*. Yogyakarta: KLEIN Press